CIVIC ACTION TEAMS

## Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #१०१
३० ।१२ ।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## स्थानीय तहमे चायपान आ अतिथि सत्कार खर्चके सिमा

**गाउँपालिका/नगरपालिका कार्यसञ्चालन निर्देशिका, २०७७** अनुसार स्थानीय तहके पदाधिकारी मासिक चायपान आ अतिथि सत्कार खर्च निचा देलगेल अनुसार कर पाओत :

नगर प्रमुखले
**रु. २० हजार**

नगर उप-प्रमुखले
**रु. १५ हजार**

गाउँपालिका अध्यक्षले
**रु. १५ हजार**

गाउँपालिका उपाध्यक्षले
**रु. १० हजार**

गाउँ/नगरपालिकाके कार्यालय
**रु. १० हजार**

बडा अध्यक्ष/वडा कार्यालयले
**रु. ५ हजार**



स्रोत: https://www.mofaga.gov.np/news-notice/2329

## नेपाल अपडेट



दोकान आगु सरसफाई करैत एक उधमी जनानी

चित्र: आयुश यगोल श्रेष्ठ

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: २२,१५,४११
पोजेटिभ: २,७५,२३१
उपचाररत: ८९१
मृत्यु : ३,०१४
सन्चो भएका : २,७१,३२६



# हल्ला र तथ्य



ाहिल चरणमे जे कम्पनीके खोप लगेलौ, दोसर चरण मे सेहो ओही कम्पनीके लगाब पड़त कहादन । फेर पहिले खोप किनने कम्पनी खोप नै देब कहिरहल छै कहादन । आब सरकार कि करतै ?

पहिल चरणके खोप लगेने सभके ७० दिनमे दोसर खोप लगाबके सरकारके योजना छै । अखनतक करिब १५ लाख ६० हजार कोई खोप लगालेने छै । अखन नेपाल सरकार लगा करिब ७ लाख खुराक बाँकी रहल आ १० लाख खुराक किनके लेल सब प्रकृया पुरा कलक पैसा समेत तिर चुकलाके बाद आबके प्रकृयामे छै । एना देखलापर जम्मा १७ लाख खुराक खोप होईत छै । तै सँ पहिल मात्रा खोप लगेनेसभके दोसर मात्राके खोप लगाब सरकार पूर्ण रुप सँ तैयार छै ।


स्रोत: डा. समिर कुमार अधिकारी, सहायक प्रवक्ता, स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय



कोरोनाके खोप लगेलाके बाद बुखार एनाई सामान्य छै कहैछै । ई कतेक दिन तक होईछै ? कि बुखार एलापर जचाँब नै परै छै ?

खोप लगेलाके बाद बुखार एनाई सामान्य छै । लेकिन, ३ दिन सँ बेसी बुखार एलापर स्वास्थ्यकर्मीके सम्पर्कमे आब परै छै । साथसाथे खोप लगेलाके ५ दिन तक आराम केनाई, व्यायाम आ चलफिर कर परै छै । अई समयमे लागुपदार्थ आ मद्यपान सेवन नै करके चाही ।

स्रोत: https://cutt.ly/pzL86H5



६५ वर्ष उपरके कतेको आदमी उमेर खुलवला परिचयपत्र नै भेला सँ कोरोना विरुद्धके खोप लेब नै पाबिरहल छै । अईके लेल कि कर परतै ?

अखन सरकार दोसर प्राथमिकताके तहत १७,८२,४६९ कोई ६५ वर्ष सँ उपर के जेष्ठ नागरिकके कोरोना विरुद्धके खोप लगारहल छै । लेकिन, किन्हको लगा उमेर खुलल परिचय पत्र नैहो होब सकैय । खोप लगाव सँ कोई नै छुटे तै के लेल सरकार सम्बन्धित वडा कार्यालय सँ उमेर खुलल सिफारिश केने आधारमे खोप लगाब पाबके सुविधाके व्यवस्था केने छै । अईके लेल सम्बन्धित वडा कार्यालयमे जाळक सिफारिश बनाबके चाही ।

स्रोत: https://cutt.ly/GzL2pu8



प्रधानमन्त्री ७५३ टा स्थानीय तहमे पक्की रस्ताके शिलान्यास केलखिन कहादन । कि आब सब गाँममे रस्ता पक्की हेतै ?

नेपालके ७५३ टा स्थानीय तह मे सँ करिब २८३ स्थानीय तहके केन्द्रके प्रदेश राजधानी या राष्ट्रिय सडक सञ्जालसँ जोड्के बाँकी छै । अहि बातके ध्यानमे राखिक सरकार ४००० किलोमिटर सड्क पक्की बनावके संगे ११०० टा सडक पुल निर्माण करहल छै । जै सँ हरेक स्थानीय तहके केन्द्रके प्रदेश राजधानी सँगे जोड्तै । एकर मतलब गाँमके सब रस्ता एके बेर पक्की बनत नै कहल गेल छै ।

स्रोत: https://www.mofaga.gov.np/news-notice/2335

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु

२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ




COVID-19 को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ ३२१०० मे डायल करु


accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्मा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरब | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| ३,८२,४०७ संक्रमित | २,०९,५२३ संक्रमित | १,७०,२५२ संक्रमित | १,७०,२५२ संक्रमित | ४,२६,३९७ संक्रमित | १,४६,८६७ संक्रमित | ३,२३,७३६ संक्रमित | ९६,०१७ संक्रमित |
| ५,८०० नेपाली संक्रमित | २,३५० नेपाली संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | २८,२५० नेपाली संक्रमित | ५,३५० नेपाली संक्रमित | ३०० नेपाली संक्रमित | २१०० नेपाली संक्रमित | २९ नेपाली संक्रमित |
| ८८ मृत्यु भएका नेपाली | १२ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | १८ मृत्यु भएका नेपाली | ३९ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | |

- गन्तव्य राष्ट्मा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्मा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्मा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्मा मृत्यु भएका नेपाली



स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

Shramik Sanjal

## यूएई आ कुवेतके नयाँ नियमसभ

### यूएई

- अबुधाबीमे सरकारी कर्मचारीके लेल नयाँ नियम बनाएल गेल छै । आब सँ कोरोना विरुद्धके खोपके दुनु खुराक लगेने सभके एक महिनामे एक बेर आ खोप नै लगेनेसभके सप्ताहमे १ बेर कोभिड-१९ के पिसिआर परिक्षण कर पड़त ।
- ७ टा कोभिड फिल्ड अस्पताल, २००० बेडके क्षमता सहित शुरू भेल छै ।
- शारजाहमे कोभिड विरुद्धके खोप सम्पूर्ण शिक्षा क्षेत्रके कर्मचारीके विशेष प्राथमिकता संगे ७ टा केन्द्र सँ उपलब्ध कराओल जतै ।
- फेब्रुअरी महिना भितर मात्रे ५६ हजार आदमी कोभिड विरुद्धके सुरक्षा मापदण्ड उल्लंघन केने भेटल छै।

### यूएई:

- ६ दिनके अवधिमे निशेषाज्ञाके पालना नै केने १२३ कोई गिरफ्दार भेल छै ।
- अखन तक ४ लाख १ हजारके कोभिड विरुद्धके खोप लगाओल गेल छै ।
- सेप्टेम्बर सँ कोभिड विरुद्धके खोप नै लगाबवला आप्रवासीके भिषा नविकरण नै हेतै ।
- विश्वकप २०२२/२३ के लेल नेपाल लगाएतके देशसभद्वारा खेलल जायवला एशियन क्वालिफाइङ खेल कुवेतमे होब लागल छै ।
- विशेष कलक सैलुन, स्वास्थ्य क्लब लगाएतमे कोरोनासँ बचके उपायके पालना केने नै केने के जाँच कडा बनाएल जारहल छै ।
- ५५ दिनमे १९,९९५ आप्रवासीके कार्य अनुमति (वर्क परमिट) रद्द कएलगेल छै ।
- १९ कोई आप्रवासीके जुवा खेल्ने अभियोगमे देश निकाला कएलगेल छै ।

www.facebook.com/shramik.sanjal सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## कोरोना संक्रमण रोकथाम, नियन्त्रण आ ईलाजमे भेल खर्चके ताजा अद्यावधिक (२०७७ पुष अन्त्य तक)

**संघिय सरकार**
रु. ८ अर्ब ५९ करोड ९८ लाख

**प्रदेश सरकार**
रु. २ अर्ब ९२ करोड ३ लाख

**स्थानीय सरकार**
रु. ८ अर्ब १० करोड ६७ लाख

**दोहोरो खर्च**
रु १ अर्ब ४९ करोड ७० लाख

**दोहरा खर्च कटाक होबवला जम्मा खच**
रु. १८ अर्ब १२ करोड ९८ लाख

स्रोतः https://cutt.ly/4lfYbPi

accountabilitylab NEPAL

# फ्रन्टलाईनर्स भोईसेस



## नेत्रलाल अर्याल

सूचना अधिकारी, लुम्बिनी प्रदेश स्वास्थ्य निर्देशनालय, बुटवल

"बन्दाबन्दीके समयमे स्वास्थ्यकर्मी छै से बुझलाके बाद टोल पडोस सँ बढिया व्यवहार नै भेलै । धियापुताके खेल सेहो नै देलगेलै । जिम्मेवारीमे रहलसभके अस्पताल, क्वारेन्टाइनमे जाईये परके बाध्यता छलै । अस्पताल सँ बेसी क्वारेन्टाइनमे गेलापर डर महसुस बेसी होई छलै । हम कोरोना विरुद्धके पहिल चरण के खोप लगाचुकल छी । अखन प्रदेश भितरके १२ जिलामे खोपके वितरण आ उपलब्धताके आँकडा लेब आ सूचना प्रवाह करवला काममे कृयाशिल छी । हम अखनहु जोखिम कम नै भेल आँकलन केने छी । तै सँ, स्याङ्जाके गल्याङमे रहिरहल ८४ वर्षिय बाबुजी आ ७० वर्षिय माँ के आन नै सकिरहल छी । "

## जागेश्वरी देवी चौधरी

उपप्रमुख, तिलोत्तमा नगरपालिका, रुपन्देही



"७१ वर्षिय ससुर बाबुजी सहित ५ कोईके परिवार छै । हमरा कारण सँ परिवारमे किन्हको संक्रमित होब नै परै कहिक बहुते सचेतना अपनेलौ । भाग्यवश अखनतक संक्रमित होब नै पड्ल अछि । जनप्रतिनिधी भेला सँ जिम्मेवारी अनुसार कार्य सम्पादन केलौ । अखन जेष्ठ नागरिकके कोरोना विरुद्धके खोप देब खटल छी । भारत मे बढिरहल कोरोना संक्रमण फेरो चिन्ताके विषय बन लागल छै । स्वास्थ्य सचेतनाके गतिविधीमे अखनो केन्द्रित होबके अवस्था आएल छै । मास्क लगाबके त हमरा आदते लागि गेल । मास्क नै लगेलौ त अखन अपने दिक्कत होईय । पहिलेके तुलनामे अखन बहुते सहज छै, लेकिन जोखिम कम नै भेल छै । "



## दुर्गा देवी अर्याल, प्रमुख

हाठी फर्साटिकर स्वास्थ्य चौकी, रुपन्देही

"घरमे ८० बर्षिया दादी छथिन । हुनकर स्वास्थ्यमे कोनो भी समयमे हमरा कारण सँ जोखिम हेतै कि कहिक डर अछि । हुनकालग जालक बैसके मन करैय, लेकिन नै सकै छी । हमर घर सँ १७ किलोमिटरके दुरीमे रहल स्वास्थ्य चौकीमे आबैत जाईत रहै छी । रोग सँ बेसी, डर सँ मरव कि से भय अखन कम भेल अछि । सेवा लेब आबवला सब प्रकारके सेवाग्राहीके कोरोनाके जोखिम नै घटल छै, सावधानी अपनाब नै छोड्ु कहिक बेर बेर समझाक पठाबैत छी । "

# रेडियो कार्यक्रम पद्धती



## रेडियो कार्यक्रम पद्धती

संरचना सबैका लागि


प्रसारणको रेकर्ड तपाई YouTube र Soundcloud मा पनि सुन्न सक्नु हुन्छ

Civic Action Teams

https://soundcloud.com/accountability_lab

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दळक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।



**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs